Date: 23rd June-2026

# ANA TILI SABAQLARINDA OQIIWSHILARDIŃ BILIMIN HÁM KÓNLIKPELERIN BAHALAW MÁSELELERI

**Abdullaeva Ziyada**
Qońırat rayonı 1-sanlı texnikumı
qaraqalpaq tili hám ádebiyatı oqıtıwshısı

**Annotaciya:** Maqalada ana tili sabaqlarında oqıwshılardıń bilim dárejesi hám kónlikpelerin bahalawdıń zamanagóy usılları hám olardıń áhmiyeti keńnen talqılanǵan. Avtor bilimlendiriw procesindegi dástúriy baha qoyıw sistemasın jóneltiriw hám kriteriyalı bahalaw modeline ótiw máselelerin tayanısh etip aladı. Sonıń menen birge, oqıwshılardıń til úyreniw hám qatnas jasaw mamanlıqların obyektiv bahalawda muǵallimler ushırasatuǵın tiykarlı mashqalalar hám olardıń sheshimi túsindirilgen. Jumıs sońında ana tili sabaqlarınıń sapasın arttırıw hám oqıw jetiskenliklerin tuwrı qadaǵalaw boyınsha ámeliy usınıslar islep shıǵılǵan.
**Gilt sózler:** stimul, rawajlanıw dinamikası, bahalaw kriteriyası.

Házirgi kúndegi elimizdegi bilimlendiriw tarawına engizilip atırǵan zamanagóy reformalar oqıtıw usılların ǵana emes, al oqıwshılardıń bilimin bahalaw sistemasın da túp-tiykarınan jańalaw hám ózgertiwdi talap etpekte. Bul baǵdarda tiykarınan oqıwshılardıń bilim hám kónlikpelerin bahalawda ádalatlılıq, anıqlıq hám nátiyjelilik tiykarǵı kórsetkishler sıpatında rol oynaydı.

Oqıwshıńlardıń bilimin bahalaw hámme waqıtta da mashqalalı máselelerdiń biri bolıp kelgen. Biz qálesek te, qálemesek te baha oqıwshılar ushın stimul wazıypasın atqaradı, olar ushın keleshek iskerliginde sheshiwshi rol de oynawı múmkin. Oqıtıwshınıń aldında da sonlıqtan oqıwshılar bilimin qaysı usıllarda bahalaw máselesi bárqulla kún tártibinde bolıp keledi.

Ana tili sabaqlarında bahalaw hár tárepleme oylanıwdı talap etiwshi proces sanaladı. Sebebi, ayrım sabaqlardaǵı sıyaqlı, ana tili sabaqlarında oqıwshılardıń nátiyjesi anıq kriteriyalarǵa tuwra kele bermeydi. Ana tili sabaqlarınıń maqseti-oqıwshılardıń tek til qaǵıydaların biliwge úyretiw emes, al, olardıń pikirlew, qarım-qatnas jasaw hám til baylıǵınan durıs paydalanıw qábiletin anıqlaw bolıp esaplanadı. Kásiplik bilimlendiriw shólkemlerinde bul jáne de quramalasqan máselege aynaladı. Sebebi, texnikumlarda oqıwshılar hár qıylı tillerde tálim alıp kelgen bolıwı múmkin. Sonlıqtan da til sabaqlarında oqıwshılardıń bir qatar kónlikpelerin bahalawǵa tuwra keledi. Atap aytqanda, oqıwshılardıń tekstti, maǵlıwmatlardı túsiniwi, óz pikirin erkin bayan ete alıwı, ádebiy til normalarına sáykes sóyley alıwı bahalanadı. Sonday-aq, ana tili sabaqlarında ádebiy shıǵarmalar hám tekstler qatar keletuǵın bolǵanlıqtan, oqıwshılardıń tekst mazmunın, ondaǵı ideyanı túsiniw, ondaǵı kórkemlew qurallarınıń durıs ajırata alıwı, usı menen birge shıǵarma, bayan, esse jazıw arqalı jazba sawatlılıǵın bahalaw da kózde tutıladı.

Oqıwshılardıń biliw dárejesin bahalawda olardıń kúndelikli rawajlanıw dinamikasın baqlaw - kúndelikli bahalaw kórsetkishleri de áhmiyetli orın tutadı. Ana tili sabaqlarında teksttegi qáteler ústinde jumıs islew, awızeki sóylewdegi qátelerdi talqılaw, jazba sawatlılıqtı bahalaw ámelge asırılıp barıladı. Bunda tiykarģı itibar oqıwshılardıń qaģıydalardı kóz-kóreki yadlawı emes, al, logikalıq oylawı, sózlerdi baylanıstıra alıw kónlikpesi, tekst mazmunın túsiniwi hám óz pikirin erkin jetkerip bere alıwına qaratılıwı kerek. Oqıwshılardıń ózin-ózi bahalawı da nátiyjeli usıllardan biri esaplanadı. Bul oqıwshınıń tek jumıstı orınlaw emes, islegen jumısın talqılay alıw qábiletin asırıwģa xızmet etedi.

Ana tili sabaqlıqlarında logikalıq oylawdı talap etetuģın sorawlar hám tapsırmalarģa kóbirek orın berilgen. Oqıwshılardıń bul boyınsha bilimlerin asırıwda olarģa qoyılģan wazıypalardı anıq etip túsindiriw menen birge olardıń juwapların bahalaw boyınsha da anıq kriteriyalar islep shıģılıwı kerek. Bul kriteriyalardan oqıwshılar jaqsı xabardar bolıwı kerek, yaģnıy, oqıwshı ózine qoyılıp atırģan bahalardıń tiykarın biliwi kerek. Mısalı, sabaqlıqta berilgen ilimiy hám  ádebiy tekstler menen jumıs islewde oqıwshılarģa qanday talap qoyılatuģınlıģı boyınsha oqıtıwshı anıq kórsetpeler beriwi tiyis. Mısalı, 10-klass ushın arnalģan «Ana tili» sabaqlıģında «Isenim. Hújdan erkinligi. Gónergen hám jańa sózler stilistikası. Tabu hám evfemizmle»r temasında bir neshe ilimiy hám ádebiy tekstler berilgen. Bul oqıwshılardıń tema boyınsha bir qatar bilim hám kónlikpelerin anıqlaw hám bahalawģa múmkinshilik beredi. Ilimiy tekst boyınsha oqıwshılar maģlıwmatlardı úyreniw, olar boyınsha óz pikirlerin durıs jetkerip bere alıwı talap etiledi. Al ádebiy tekstlerde tapsırmalar mazmunı ózgeredi.  Bul jerde grammatikalıq tallaw, sóz mánilerin ajıratıw, tekst ideyası boyınsha óz jeke pikirin bildiriw sıyaqlı soraw hám tapsırmalar beriledi. Usıģan tiykarlanģan halda bahalaw kriteriyaları da hár túrli boladı. Sonlıqtan da, oqıtiwshınıń kórsetpeleri bul jerde áhmiyetli rol oynaydı.

Oqıtıwshınıń sabaq ótiw sapalılıģın sabaq metodikası kórsetip beredi. Bahalaw barısında usı máseleni de tártipke salıp barıw kerek. Mısalı, oqıtıwshı sabaq procesinde didaktikalıq oyın usılın qollansa bul oyın juwmaģında oqıwshılardı bahalaw bolama joqpa sonı aldın ala rejelstiriwi kerek. Eger bahalanģan jaģdayda bahalaw kriteriyalari islep shıģılıp oqıwshlarģa aldın ala túsindiriliwi kerek.

Bahalawdıń eı áhmiyetli hám sheshiwshi túri bul juwmaqlawshı bahalaw bolıp tabıladı. Bul bahalaw oqıtıwshıdan ayrıqsha itibar hám juwapkershilikti talap etedi. Juwmaqlawshı bahalaw anıq kriteriyalarģa tiykarlanģan bolıwı kerek. Ana tili sabaqlarında juqmaqlawshı bahalaw test hám jazba jumısı kórinisinde ámelge asırılıwı múmkin. Bunda semestr yaki jıl dawamında ótilgen temalar izbe-iz tártipte tolıq kiritilgen bolıwı kerek. Sorawlardıń dárejesi de oqıwshılardıń klasına sáykes bolıwı shárt, baģdarlamadan tıs sorawlarģa jol qoyılmaydı. Oqıwshı óz bahasınıń ne ushın qoyılģanlıģın túsinip jetiwine tiykar jaratılıwı kerek. Eger ana tili sabaģı boyınsha juwmaqlawshı bahalawda test usılınan paydalanatuģın bolsaq ilajı bolģanınsha testtiń barlıq túrlerinen-ashıq hám jabıq, súwretli testlerden paydalansaq maqsetke muwapıq boladı. Bul ana tili boyınsha oqıwshı ózlestiriwi

International Conferences Open Access | Scientific Online | Conference Proceedings
INTERNATIONAL CONFERENCES OF PRACTICE

zárúr bolǵan kónlikpelerdi-logikalıq oylaw, pikirdi tolıq hám durız jetkerip beriw hám jazba sawatxanlıq talapların bahalaw ushın qolaylılıq jaratadı.

Juwmaqlap aytqanda, ana tili sabaqlarında oqıwshılardı bahalawdıń durıs shólkemlestiriliwi –bilimlendiriw sapasın asırıwdaǵı tiykarǵı faktor esaplanadı. Bunda oqıwshılardı bahalawdı kriteriyalar boyınsha durıs jolǵa qoyıw, bahalawdı zamanagóy usıllarda ótkeriw arqalı oqıwshılardıń bilim hám kónlikpelerin durıs talqılay alıw, sol arqalı oqıtıw sapalılıǵın arttırıw zamanagóy oqıtıwshınıń tiykarǵı wazıypası sanaladı. Óytkeni, bahalaw — bul tek ǵana elektron jurnalǵa qoyılatuǵın san ǵana emes, al, oqıwshıǵa tásir kórsetiwshi, onıń rawajlanıw jolın belgilep beriwshi áhmiyetli másele esaplanadı.

International Conferences
Open Access | Scientific Online | Conference Proceedings
INTERNATIONAL CONFERENCES OF PRACTICE